



Prepare lavni pou fanmi w ak kominote w.

Konstitisyon Etazini an mande pou chak dis lane nou konte popilasyon peyi nou an. Apati premye avril, chak fwaye ap resevwa yon avi pou konplete fòmilè resansman 2020 an epi yo dwe konte yo.

Li enpòtan pou nou reponn.

Ou kapab prepare lavni pou ou menm, fanmi w, ak kominote w pou pwochen 10 ane yo. Done yo kolekte nan resansman 2020 an pral ede nan distribye plis pase 675 milya dola nan fon federal yo bay eta ak kominote yo chak ane. Biznis, lidè kominotè, ak gouvènman lokal yo itilize done resansman yo pou kreye djòb, asire preparasyon sekirite piblik, epi sipòte inisyativ kominote yo.

Rezilta resansman an ap pèmèt finasnman an sèvi pou bagay tankou:

- › Lekòl ak edikasyon
- › Etablisman swen sante yo
- › Asistans nan lojman
- › Transpò piblik
- › Pwogram asistans alimantè pou timoun ak granmoun
- › Asistans pou moun k ap fè tranzisyon pou soti nan sanzabri
- › Bous etid pwofesyonèl ak teknik
- › Medicare Pati B

2020CENSUS.GOV

D-OP-BL-HC-395

**Prepare
Avni W**
KÒMANSE ISIT LA >

United States®
Census
2020



Tout moun lakay ou dwe konte.



Li enpòtan pou w konte chak moun k ap viv nan fwaye w, menm si yo rete la sèlman pou yon ti tan. Sa ki gen ladann fanmi, moun ki pa fanmi, ak timoun piti menmsi yo gen yon sèl jou depi yo fèt.



Ou dwe reponn nan adrès kote w ap viv la osinon kote w rete nan jou resansman an—premye avril 2020.

Timoun nou yo enpòtan.

Yon estimasyon senk pousan (5%) timoun ki poko gen laj senk lane te manke nan Resansman 2010 la. Nan apeprè yon (1) milyon ti bebe ak jèn timoun, sa se pi gwo sou-denonbreman nan nenpòt ki gwoup laj. Resansman 2020 an ede detèmine ki zòn ki kalifye pou resous ki pi enpòtan yo ke timoun ak fanmi yo depann de yo pou 10 pwochen ane—fondamantalman yon anfans tout antye! Pandan ane sa yo, kominote yo kapab resevwa mwens finansman pou lekòl, pak, SNAP/WIC, lopital, transpò, ak lòt bagay ke timoun yo bezwen.

Li fasil pou w reponn e repons ou yo an sekirite.

Reponn kesyon resansman an pran senpleman kèk minit. Senpleman reponn yon ponyen kesyon sou Entènèt, nan telefòn, osinon pa lapòs. Biwo Resansman an ankouraje lokatè ak moun ki fenk demenaje yo pou yo ranpli fòmilè yo a touswit sou Entènèt osinon nan telefòn, sizanka fòmilè yo a ta pèdi nan lapòs.

Tout repons yo konfidansyèl epi yo pwoteje pa lalwa. Enfòmasyon pèsònèl ou yo pap janm pataje ak ajans lapolis oswa administratè pwopriyete, epi yo pap kapab itilize kont ou nan okenn fason.

Pou plis enfòmasyon, vizite:

2020CENSUS.GOV

D-OP-BL-HC-395

**Prepare
Avni W**
KÒMANSE ISIT LA >

United States®
**Census
2020**